



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 17 jen 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$14 MILYON DOLA NAN PRIM POU LOJMAN A BON MACHE

Sibvansyon yo pral bati ak prezève 769 inite ak ranfòse pwopriyete a bon mache

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse 37 prim, ki totalize \$14 milyon dola pou reyabilite ak konstwi lojman revni fèb ak modere nan chak rejyon nan eta. Prim konpetitif yo te fèt a minisipalite lokal ak òganizasyon a bi non likratif pou ede revitalize kominote ak motè aktivite ekonomik lokal.

“Chak Nouyòkè merite yon kay ki ansekirite ak abòdab, e jodia nap finanse pwojè yo nan eta ki pral ede fè sa tounen yon reyalite,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Avèk seri finansman sa a, nou te envesti plis pase \$1 bilyon dola, mete Empire State pi pre objektif nou pou asire ke chak Nouyòkè kapab jwenn yon kote pou yo rele lakay yo. Administrasyon nou an pral kontinye travay bò kote gouvènman lokal ak ajans a bi non likratif yo pou sipòte altènatif lojman a bon mache nan chak kwen nan eta.”

Prim yo ap ede nan depans pou amelyorasyon, reyabilitasyon kay ki egziste deja, ak nouvo konstriksyon kay pou moun kap ache kay premye fwa, e li bay atravè Affordable Housing Corporation (AHC). AHC, sa ki se yon pati New York State Homes and Community Renewal (HCR), sipòte opòtinite pou posede kay pou fanmi ki gen revni fèb ak modere yo nan bay sibvansyon pou minisipalite ak òganizasyon a bi non likratif yo.

Prim yo egalman ogmante resous piblik adisyonèl pou ogmante opòtinite devlopman kominotè a. Kèk nan lòt sibvansyon yo gen ladan finansman pou pwogram ki annaprè yo: Pwogram Community Development Block Grant (CDBG), RESTORE (Sèvis Ijans Rezidansyèl pou Ofri Reparasyon a granmoun yo), local HOME funds, Inisyativ Finansman Iben ak fon pou Weatherization.

Investisman pwopriyete eta nan seri prim AHC a gen ladan:

Kapital Rejyon

- \$330,000 pou vil Saratoga pou renovasyon kay pou apeprè 12 inite lojman a bon mache nan vil Saratoga (Konte Saratoga).

Haitian Creole

- 310,000 pou Vilaj South Glens Falls (Konte Saratoga) pou reyabilitasyon 12 inite a bon mache.
- \$325,000 pou vilaj Scotia (Konte Schenectady) pou reyabilitasyon 12 inite a bon mache.
- \$330,000 pou vilaj Argyle (Konte Washington) pou reyabilitasyon 12 inite a bon mache.
- \$330,000 pou vilaj Greenwich (Konte Washington) pou reyabilitasyon 12 inite a bon mache.

Mohawk Valley

- \$462,000 pou Utica Neighborhood Housing Services, Inc. pou reyabilitasyon 14 inite a bon mache nan vil Utica (Konte Oneida).
- \$288,000 pou Vilaj Canajoharie (Konte Montgomery) pou reyabilitasyon 11 inite a bon mache.
- \$335,000 pou Otsego Rural Housing Assistance, Inc. pou amelyorasyon apeprè 24 inite a bon mache nan Konte Ostego.

Sant New York

- \$375,000 pou Cortland Housing Assistance Council, Inc. pou akizisyon ak reyabilitasyon apeprè 15 lojman a bon mache nan Konte Cortland.
- \$280,000 pou vil Cortland pou akizisyon ak reyabilitasyon apeprè uit inite ki lokalize nan Vil Cortland (konte Cortland).
- \$188,658 pou vil Fulton (Konte Oswego) pou reyabilitasyon 15 inite a bon mache.
- \$400,000 pou vil Oswego pou amelyorasyon kay apeprè 18 inite lojman a bon mache (Konte Oswego).

Finger Lakes

- \$315,000 pou Greater Rochester Housing patenarya pou nouvo konstriksyon nèf kay yonsèl fanmi pou moun kap achte kay premye fwa nan Vil Rochester (Konte Monroe).
- \$200,000 pou North East Area Development, Inc. reyabilitasyon 25 inite lojman a bon mache nan vil Rochester (Konte Monroe).

- \$625,000 pou Greater Rochester Housing Partnership pou akizisyon ak reyabilitasyon apeprè 25 lojman a bon mache nan vil Rochester (Konte Monroe).

Lwès New York

- \$250,000 pou Southtowns Rural Preservation Company pou reyabilitasyon 25 inite lojman a bon mache nan Konte Erie.
- \$300,000 pou Lackawanna Housing Development Corporation pou reyabilitasyon 33 inite lojman a bon mache nan vil Lackawanna (Konte Erie).
- \$450,000 pou Vil Cheektowaga (Konte Erie) pou reyabilitasyon 30 inite lojman a bon mache.
- \$400,000 pou West Side Neighborhood Housing Services, Inc. pou reyabilitasyon 15 inite lojman a bon mache nan vil Buffalo (Konte Erie).

Southern Tier

- \$300,000 pou Better Housing for Tompkins County pou reyabilitasyon 24 inite lojman a bon mache.
- \$300,000 pou Arbor Housing and Development (ki konnen anvan tankou Steuben Churchpeople Against Poverty, Inc.) pou reyabilitasyon 30 inite lojman a bon mache.
- \$300,000 pou Near Westside Neighborhood Association, Inc. pou reyabilitasyon 20 inite lojman a bon mache nan vil Elmira (Konte Chemung).
- \$180,000 pou Tioga Opòtinite renovasyon kay pou apeprè 18 inite lojman a bon mache pou Konte Tioga.

Mid-Hudson

- \$200,000 pou Housing Corporation Konte Putnam pou reyabilitasyon 10 inite lojamna a bon mache.
- \$80,000 pou Housing Action Council pou nouvo konstriksyon yon kay de fanmi ki lokalize nan 184 Farragut Avenue nan Vilaj Hastings-on-Hudson (Konte Westchester).
- \$350,000 pou Rural Ulster Preservation Company pou akizisyon ak reyabilitasyon apeprè 15 inite lojamn a bon mache.

Haitian Creole

- \$300,000 pou Center for Urban Rehabilitation & Empowerment pou renovasyon kay apeprè 12 inite lojman nan Konte Westchester.

Long Island

- \$640,000 pou Community Housing Innovations, Inc. pou akizisyon ak reyabilitasyon 16 inite lojman a bon mache ki epapiye toupatou nan sit yo nan Nassau ak Konte Suffolk.
- \$1 milyon dola pou Community Development Corporation of Long Island, Inc. pou reyabilitasyon 60 inite lojman a bon mache nan sit ki epapiye yo nan konte Nassau ak Suffolk.
- \$200,000 pou Town of Hempstead pou nouvo konstriksyon senk kay de etaj kap lokalize nan Inwood (Konte Nassau).
- \$727,500 pou Long Island Housing Development Fund Company pou renovasyon kay apeprè 20 lojman ki a bon mache ki epapiye sou sit yo nan Konte Nassau ak Suffolk.

Vil New York

- \$1.26 milyon dola pou Housing Partnership Development Corporation pou nouvo konstriksyon 36 inite kondominyòm nan arondisman Brooklyn (Konte Kings).
- \$705,000 pou Housing Partnership Development Corporation pou nouvo konstriksyon 21 kay a bon mache nan awondisman Brooklyn (Konte Kings).

Western New York, Central New York, Southern Tier, Finger Lakes

- \$600,000 pou Bishop Sheen Ecumenical Housing Foundation pou reyabilitasyon 100 inite lojman a bon mache sou sit ki epapiye nan konte Allegany, Cayuga, Chemung, Livingston, Monroe, Ontario, Schuyler, Seneca, Tioga, Tompkins, Wayne, ak Yates.

Western New York ak Finger Lakes

- \$500,000 pou NeighborWorks Home Resources pou renovasyon apeprè 30 kay a bon mache nan sit ki epapiye nan konte Cattaraugus, Erie ak Wyoming.

No peyi a

- \$273,000 a North Country Affordable Housing, Inc. pou reyabilitasyon 13 inite lojman a bon mache nan konte Jefferson.
- \$350,000 pou Neighbors of Watertown pou konte Jefferson pwogram asistans pou moun kap achte kay premye fwa pou akizasyon 10 kay a bon mache nan konte Jefferson.

Darryl C. Towns, Komisyone /PDG HCR te deklare, “Pwojè sa yo se priyorite pou gouvènman rejyonal yo ak òganizasyon a bi non likratif yo, patnè avèk eta ki te gen yon konpreyansyon debaz ak apresyasyon sou bezwen spesifik kominote yo ak katye yo. Kèk nan òganizasyon a bi non likratif yo te travay etwatman avèk rezidan yo pou plis pase 40 ane e yo konnen an pwofondè kisa sa pral egzije pou prezève pwopriyete ak revitalize kominote yo. Grasa lidèchip Gouvènè a prim sa yo pral fè yon long chemen pou ede plizyè santèn Nouyòkè fè kominote yo vin pi fò.”

Modènizasyon Kay ak Kominote (HCR) Eta New York gen ladan tout gwo ajans modènizasyon lojman ak kominote, Affordable Housing Corporation, Division of Housing and Community Renewal, Housing Finance Agency, State of New York Mortgage Agency, Housing Trust Fund Corporation, ak anpil lòt.

HCR nan dezyèm ane pwogram House New York \$1 bilyon dola, sa ki kreye plizyè milye nouvo inite pandan senkan, e se pi gwo investisman nan lojman a bon mache nan omwen 15 ane. House New York pral egalman prezève plizyè milye inite Mitchell-Lama, agrandi aksesibilite pou 40 ane. Inisyativ House New York bati sou siksè efò san presedan pou pwoteje plis pase de milyon lokatè nan lwaye règleman, avèk pi gran ranfòsman nan lwa lokasyon eta nan 30 ane, ak kreyasyon Inite Pwoteksyon Lokatè ki verifiye de fason pwo-aktif ak envestige zak mekanste mèt kay.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418